| Ràññeekaay u Kiliyaŋ bi | | | |
|---|---|---|---|
| TUR | | BESUB JUDD | NIMERO RAÑÑEKAAY |
| DËKK | GOX | DIWAAN | KOT ZIP |
| NIMERO TELEFOŊ (BOOLE CI KOT U BARAB BI) | BENEEN XIBAAR | | |

Washington State Department of Social & Health Services
Transforming lives

# Nangu
## Consent

**Yegale ci Kiliyaŋ yi:** Kureel u Mëneef i Askan ak Wer gu Yaram (Department of Social and Health Services, DSHS) mën na la dimbali su fekkee ni mën nga ligeey ak yeneen asaans yi ak ñi la xam yow ak sa jaboot. Boo xaatimee formileer bi, yaa ngi jox sañ-sañ waa DSHS ak asaans yii ak nit ñi ñu lim fii ci suuf ngir ñu xam say xibaar. DSHS mënula bañal ay ndampaay su fekkee ni xaatimoo formileer bii xanaa rek ñu soxla ko ngir xam ndax yelloo nga ab ndampaay. Su fekkee ni xaatimuloo formileer bi, DSHS mën na seddoo say xibaar ci li ko si yoon may. Su fekkee ni da nga am ay laaj ci anam bi DSHS di seddoo wee say xibaar wala say aqq u sutura, xoolal Yegle u DSHS ci Doxalin u Sutura wala nga laaj ki lay jox formileer bi.

**Nangu**

1. Nangu naa ñu jëfëndikoo samay xibaar ci biir DSHS ngir, tërël, jox, ak doxal ay mëneef, paj, payoor, ak ndampaay yu jëm ci man wala ngir yeneen i jubluwaay yu yoon nangu. Maa ngi jox itam sañ-sañ waa DSHS ak asaans yi ñu lim fii ci suuf, joxekat, wala nit ngir ñu jëfëndikoo samay xibaar ak di ko joxante ngir jubluwaay yii. Xibaar yii mën na ñu koo seddii ci kaddu wala ci xarala, ci bataaxal u internet, wala loxo ak loxo.

   **Li tax ñu koy Seddoo: Xibaar bii da ñu koy soxla laata waa DSHS di mën seddoo ay jaar-jaar u sineebar ak sangara wala feebar u xel. Su fekkee ni binduloo ci wall boobu, DSHS di na bind li tax ñu koy Seddoo ndax li nga ko ñaan.**

   Na nga xool lepp ci suuf lu bokk ci biir nangu gi dolleeku ci DSHS ak raññee leen ci seen tur ak seen adarees:

   - ☐ Joxekat u Mëneef u Paj yi: ____
   - ☐ Joxekat u Mëneef u Paj um Feebar u Xel yi: ____
   - ☐ Joxekat u Mëneef u Jëfëndikoo Sineebar yi: ____
   - ☐ Yeneen Joxekat u Mëneef yu DSHS: ____
   - ☐ Porogaraam u luyaas: ____
   - ☐ Daara koñ yii ak kolees yi: ____
   - ☐ Kureel u Jubanti yii: ____
   - ☐ Kureel u Xëy u Kaaraange ak ay Ligeeyaaleem: ____
   - ☐ Yorin u Askan ak Kaaraange wala benee Asaans u Diwaan bi: ____
   - ☐ Xoolal lim gi ñu taqqale
   - ☐ Yeneen:

2. Li tax ñu koy Seddoo: ☐ Wëyal u toppatoo gi ☐ Jaar Yoon ☐ Yow kepp ☐ Yeneen:

3. Maa ngi jox sañ-sañ ngir ñu seddoo samay mbind yii di topp ak xibaar yii (xoolal lepp lu ci bokk):
   - ☐ Sama mbind u kiliyaŋ yëpp ☐ Mbind yii ci lim bi taqqaale
   - ☐ Mbind yii topp rek
     - ☐ Jaboot, askan ak jaar-jaar u xey
     - ☐ Paj wala doxalin u toppatoo yi
     - ☐ Mbind u payoor yi
     - ☐ Xayma u Kenn Kepp
     - ☐ Daara, ñjang, ak taggat
     - ☐ Xibaar u Toppatoo Wer ub Xel yi (duutal sa baaraam):
     - ☐ Xibaar u Toppatoo Wer gi (duutal sa baaraam):
     - ☐ Yeneen (lim):

| Rànññeekaay u Kiliyaŋ bi | | |
|---|---|---|
| TUR | BESUB JUDD | NIMERO RAÑÑEKAAY |

**Na nga bayyi xel:** **Su fekkee ni benn mbind boole wu ci xibaar u wall u wer ub xel, VIH/SIDA wala test u MST wala teretmaa, wala mënefu sineebar wala sangara, kiliyaŋ bi war na bind yooyu barab ngir jox sañ-sañ ci seddoo mbind yooyu.**

Maa ngi jox sañ-sañ ngir ñu seddoo samay mbind yii di topp ak xibaar yii (xoolal lepp lu ci bokk):

☐ Wer ub Xel ☐ VIH/SIDA ak ñjureef u test u MST yi, Seet u doktoor, wala paj ☐ Feebar u Jëfëndikoo ay Sineebar

- **Nangu gii wer na ngir benn at wala ☐ ba ____________________ (bes wala xew-xew).**
- **Mën naa delli ginaaw wala dindi nangu gii saa su ma soobee ci mbind, waaye du teye xibaar yi ñu jot a seddale ba noppi.**
- **Xam naa ni mbind yi ñu seddale ba noppi ci nangu gii mën ul aaru ci yoon bi DSHS di topp.**
- **Ab kopi u formileer bi di na wer ngir joxe sama sañ-sañ ngir seddoo mbind yii.**

| XAATIM | | BES |
|---|---|---|
| SEEDE / XAATIM U NOTEER, SU FEKKEE NI AM NA | SEEDE / TUR U NOTEER | BES |
| WËY JUR WALA XAATIM U KENEEN KU KO FI NEKKAL (SU FEKKEE NI AM NA) | NIMERO TELEFOŊ (BOOLE CI KOT U BARAB BI) | BES |

Su fekkee ni da ñu ma yebal, mën naa xaatim ndax man maay: (boole ci firndé sañ-sañ gi)

☐ Wëy jur ☐ Yorekat gu am Sañ-sañ (boole ci kayit u yoon gi) ☐ Ki la fii nekkal ☐ Yeneen:

Yegle ci Ñii jot Xibaar yi: **Su fekkee ni mbind yii dafa am xibaar ci wall u VIH, MST, wala SIDA, mën u loo seddo xibaar yooyu fileek nit ki joxula ci ndinga ak sañ-sañ.** Su fekkee ni da nga jot xibaar ci wall u jëfëndikoo **sineebar wala sangara bu jeggi dayo** bayyeekoo ci kiliyaŋ bi, da nga ci wara boole kaddu yii saa bu ay xibaar yegle soxlawee ak 42 CFR 2.32:

Xibaar yi ñu la jox mi gi jogé foo xamné yoon ak sart u sutura u Diwaan bi daf ko aar (42 CFR part 2). Sart u Diwaan bi tere na jeebaane xibaar yi ci bep anam bi mu wara mën nekk. xanaa rek yoon nangul ko ñi mo soxal wala kii faju nangu ko te bind ko te siñe ko bala ñuy joxe ay xibaaram ni ko 42 CFR part 2 waxee. Ndigal gu simpal ci lu jëm ci kayit gii ci lu jËm ci pac wala lenèen, DOYUL ngir deff lu ni mel. Sart u diwaan bi dafay tere bepp jëfëndikoo u xibaar bu jublu ci gëstu wallum def ñaawteef wala di topp benn jëfëndikukat u sangara wala sineebar ci lu jeggi dayo.

## Tektal ngir Matal Formileer u Nangu yi, DSHS 14-012

**Jëfëndiku gi:** Jëfëndikool formileer bii saa boo soxlawee nangu ngir jëfëndikoo wala seddoo ay xibaar u sa kiliyaŋ ci anam buy wey ci biir DSHS wala ci wone ay xibaar yeneen asaan yi ngir doxal ay mëneef wala ay paj, payoor wala ay jëf u asaans wala ngir yeneen i jubluwaay yu tegu ci yoon.

Bind al ci formileer bi ci biir xarala su fekkee ni mën na nekk. Da nga war a matal **ab formileer bu beru ngir kenn ku ci nekk, boole ci gune yii.**

**Pac u Formileer yi:**

RAÑÑEKAAY:

- Tur: Joxeel tur u benn kiliyaŋ kepp ngir formileer bu ci nekk. Boole ci bepp tur bu kiliyang bi jot a jëfëndikoo bi muy jot ci mëneef yi.
- Bés u Judd: Soxla na ñu ko ngir rañña kiliyang bi ak ñeneen ñu mu bokkal tur.
- Nimero Raññekaay: Joxeel ab nimero raññekaay u kiliyang wala beneen raññekaay bu ci mel ci nimero kaaraange askan (du lu war) ngir dimbali la ci raññee la ak sa jaar-jaar ak mëneef yi nga jot.
- Yeneen: Bokk na ci mbir mi bepp xibaar bu ci dolleeku bu mën dimbali raññee mbind yii, lu ci mel ni DSHS bu bokk ci ay mëneef, sant u jaboot, wala benee xibaar bu am solo.

NANGU (SAÑ-SAÑ):

- Li tax ñu koy Seddoo: Xibaar bii da ñu koy soxla laata waa DSHS di mën seddoo ay jaar-jaar u sineebar ak sangara wala feebar u xel. Su fekkee ni binduloo ci wall boobu, DSHS di na bind li tax ñu koy Seddoo ndax li nga ko ñaan.
- Asaans wala nit yii weccoo mbind: Formileer bii nga matal daf lay may: (1) nga jëfëndikoo te joxe xibaar u sutura yii ci biir DSHS ak ay asaans wala nit yi ñu lim fii; ak (2) joxe xibaar u sutura waa DSHS ci asaans yi nekk ci biti wala nit yi ñu lim. Mën nga itam takkaale lim u asaans yi ñu may ñu seddoo xibaar, boobu itam kiliyaŋ bi daf ko wara xaatim.
- Xibaar bi bokk na ci: Kiliyang yii da ñu wara wone yan mbind la ñu mën a weccoo ak sañ-sañ. Kiliyang yii mën na ñu bind bepp mbind bu jappandal wala ñu yemale seen bopp ci bes, xeet wala cosaan u mbind. Su fekkee ni ab kiliyang xaatimul ab kayit u nangu wala mu baña yegal ab mbind bu raññeeku, seddoo mbind yooyu yoon maye na ko. Mën nga itam takkaale lim u mbind yi bokk te kiliyaŋ bi war koo xaatim itam. Su fekkee ni benn mbind boole wu ci xibaar u wall u wer ub xel (RCW 71.05.620), VIH/SIDA wala test u MST wala teretmaa (RCW 70.02.220), wala mënefu sineebar wala sangara (42 CFR 2.31(a)(5)), kiliyaŋ bi war na bind yooyu barab ngir jox sañ-sañ ci seddoo mbind yooyu. Formileer bii werul ngir boole ci ay mbind u doktoor u xel yu bokk ci sart u 45 CFR 164.508(b)(3)(ii); war na ñu bind ab formileer bu beru ngir boole ci yooyu mbind.
- Diir: Boole ci bes u naaxsaay u nangu gi, su fekkee ni dafa wuute ak benn at. Nangu gi di na naaxsaay ci benn at xanaa nda raññee beneen bes.
- Ci xam mbir mi: Na nga fexe ba li sañ-sañ bi di maye ak naka ak lu tax ñuy seddo xibaar gi leer ci bopp u kiliyang bi. Su fekkee ni soxla na, jëfëndikoo ab formileer bu ñu tekki ci lakk u kiliyaŋ bi wala ñu jangal ko formileer bi ci kow. Su fekkee ni kiliyanŋ bi dafa soxlaay ay xibaar yu gën yaatu, joweel ab kopi u DSHS buy dolleeku ci Yegle u Doxalin u Sutura wala nga yebal sa kiliyang ci ki yor mbir u m joxe xibaar ci askan wi ngir sa wall.

XAATIM YII:

- Kiliyan: Ndax kiliyanŋ bi wala gune gi romb at u nangu (13 ngir mëneef u wer ub xel ak sineebar ak sangara; 14 ngir VIH/SIDA ak yeneen MST yii; ci bepp at ngir soril ñjur ak yaqq ëmb; 18 ngir wer gu yaram ak yeneen mbind) xaatimal fii te nga dugal bes u xaatim bi. Kiliyang bi mën na wecci ab mandarga ci biir boyet bi te nga seede ko.
- Seede wala Noteer: Ab seede wala noteer mën na ñu koo soxla ngir cambar kayit u raññeekaay u kiliyang bi su fekkee ni kiliyanŋ bi dugalul formileer bi boppam wala su fekkee ni porogaraam bi dafay laaj ñu xoolaat. Kooku war na xaatim te bind tur am.
- Wëy jur wala Keneen ku ko fi Nekkal: Su fekkee ni kiliyanŋ bi ab xale la bu am at yu yees at u nangu, ab wëy jur wala yorekat mooy wara xaatim. Su fekkee ni at u xale bi yeggul ci at u nangu ngir mbind yëpp yi ñu wara seddoo, xale bi ak wëy jur gi yëpp ñoo wara xaatim. Su fekkee ni yoon dafa aaye kiliyaŋ, yorekat bi attekat yii di tann mooy wara xaatim ak te joxe ab kopi wu kayit u tanneef bi. Su fekkee ni kenn dafa xaatim beneen wareef (bokk na ci ku am sañ-sañ u layalkat wala ku fi taxawal nguur), bindal "yeneen" te nga wut ab kopi wu kureel u yoon gi ngir doxal. Kii di xaatim dafa war besal xaatim gi te joxe nimero telefonam wala ay xibaar u jokkoo wam.